bu kenn ci yéen duggee ci jàkka na wax: Allaahumma iftah lii abwaaba rahmatika, bu génnee na wax: Allaahumma innii as-aluka min fadlika

Jële nañu ci Humaydin mbaa Abuu Usaydin mu wax ne: Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «bu kenn ci yéen duggee ci jàkka na wax: Allaahumma iftah lii abwaaba rahmatika, bu génnee na wax: Allaahumma innii as-aluka min fadlika».
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamal xeetam wi ñaan gi ñuy wax bu ñuy dugg ci jàkka: (Allaahumma iftah lii abwaaba rahmatika), day ñaan Yàlla mu jàppandalal ko sabab yiy waral yërmàndeem, bu bëggee génn na wax: (Allaahumma innii as-aluka min fadlika), day ñaan Yàlla ci ngëneelam yi ak dolli ko ci rafetalam gi wërsëg wu dagan.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65092